

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Dina sastra, aya nu disebut Carita Pondok atawa *Carpon*. Carpon bisa dijadikeun wadah pikeun nepikeun ide atawa gagasan nu dipikirkeun ku pangarang. Carpon ngawengku kreativitas pangarang. Kréativitas didieu lain hartina pangarang ngan saukur ngasupkeun pangalamanana, tapi pangarang kudu leuwih kréatif pikeun milih unsur-unsur nu pangalusna tina pangalaman hirup sakumna manusa (Hartati, 2017, kc.4). Pikeun pangarangna, nulis jadi hiji kamahér dina widang basa kalawan ngahasilkeun hiji produk minangka alat komunikasi teu langsung kalawan ngamangpaatkeun sistem tulisan, struktur basa, jeung kandaga kecap (Puspitasari, 2017, kc.5). Ku kituna, réson pamaca jadi salasahiji hal penting pikeun pangarang.

Ku cara maca, sagala kajadian dina carpon bakal kagambar, mimiti tina urusan rumah tangga, percintaan, nepi ka kritik sosial kana kaayaan kahirupan anu sabenerna. Salaku mahluk sosial manusa tangtu ngalaman naon nu digambarkeun dina carpon lantaran aya korélasi antara carita jeung pangalaman pribadina. Dina nyurahan rupaning éta hal, diperlukeun pakakas pikeun mesék hiji karya sastra sangkan bisa nafsirkeun karya sastra luyu jeung tiori-tiori karya sastra.

Dina ngawangun hiji carita, tangtu kudu ngawengku struktur pangwangun carita éta sorangan. Patali jeng ieu hal, Azizah (2019, kc.5) nétélakeun pangalaman pangarang dina kahirupan nyata ditembrakkeun kana

**Alan Sunda Laksana, 2021**

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA DINA KUMPULAN CARPON  
LALAKON KADALON-DALON KARYA DERI HUDAYA PIKEUN BAHAN  
PANGAJARAN MACA CARPON DI SMA**

**Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)**

carita ngaliwatan tokoh-tokoh anu aya dina carita, rupaning konflik atawa masalah bakal muncul dina éta carita. Masalah anu muncul bisamangrupa masalah sosial, agama, pulitik, bébédaan cara dina nyawang masalah, kasusah hirup nu dialaman ku tokoh, atawa rupaning masalah anu aya patalina jeung kahirupan. Luyu jeung anu ditétélakeun ku Hikmah (2018, kc.6) yén sacara gurat badag, strukturalisme nyaéta salasahiji pamarekan karya sastra anu museur kana analisis objektif (langsung kana unsur intrinsik karya).

Analisis struktur dina lingkup karya fiksi mah nya éta ngadéskripsikeun unsur-unsur struktur karya sastra jadi sababaraha rupa. Kitu deui dina nyieun carita pondok. Unsur-unsur pangwangun struktur dibagi jadi téma, fakta carita (galur, palaku, jeung latar), sarana carita (sudut pandang, gaya basa, nada/suasana, jeung judul), jeung amanat (Stanton, 2012, kc. 22-61). Ulikan struktural miboga tujuan pikeun neuleuman sarta ngajelaskeun sacara gemet sakabéh unsur karya sastra anu aya pakaitna nepi ka ngahasilkeun makna.

Salian ti struktur, maca karya sastra téh teu ngan saukur patali kana aksara atawa tulisan, tapi maca karakter tokoh nu aya dina carita ogé kawilang penting. Satemenna manusa kawangun tina jiwa jeung raga. Lantaran psikologi sastra neuleuman ngeunaan fenomena kajiwaan, sastrawan bakal nyieun pamikiran-pamikiran anyar dina nyieun karya sastra (Pradnyana, 2019, kc.8). Karakter hiji jalma bakal kapanggih saupama urang ngagunakeun pendekatan psikologi sastra. Ngaliwatan psikologi sastra urang bisa mikanyaho karakter tokoh-tokoh dina carita ngaliwatan stimulus-stimulus nu jadi kasang tukangna.

**Alan Sunda Laksana, 2021**

***ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA DINA KUMPULAN CARPON LALAKON KADALON-DALON KARYA DERI HUDAYA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARPON DI SMA***

**Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)**

Sakumaha anu dipedar di luhur, dina struktur carita pondok, teu leupas tina palaku anu jadi puseur hiji carita. Carita pondok salawasna midangkeun fénoména-fénoména *gejala kejiwaan*. Fénoména-fénoména kejiwaan téh kagambar dina paripolah tokoh-tokohna. Tokoh nu dimaksud nyaéta tokoh nu aya dina karya sastra atawa fiksi. Tokoh nurutkeun Isnéndés (2010, kc. 163) nyaéta individu-individu anu dipidangkeun dina hiji carita anu ngalaman peristiwa sarta mibanda sikep, sipat, émosi, prinsip, jst. Sedengkeun Baldic (Nurgiyantoro, 2013, kc 247) nétélakeun tokoh téh nyaéta individu anu jadi palaku dina carita fiksi atawa drama. Tina wangenan di luhur katitén yén tokoh mibanda posisi strategis salaku *pembawa* sarta *penyampai pesan*, amanat, moral, atawa sagala hal anu dihaja nu hayang ditepikeun ku pangarang.

Panalungtikan ngeunaan kajiwaan tokoh-tokoh dina carita kalintang pentingna pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan kahirupan nyata. Jauhna pikeun neuleuman kumaha cara nyanghareupan karakter jalma anu béda-béda dina kahirupan nyata. Ku kituna ieu panalungtikan bisa disebut minangka panalungtikan psikologi sastra, nyaéta panalungtikan ngeunaan karakter watek tokoh anu jadi objékna.

Kaonjohan dina ieu panalungtikan, mimiti tina objék anu digunakeun nyaéta buku kumpulan carita pondok Lalakon Kadalon-dalon karya Deri Hudaya. Ieu buku kumpulan carpon téh miboga tokoh anu kawilang *unik* nyaéta ngagunakeun *benda mati*, jalan carita nu dijieun dékonstruksi nyieun kapanasaran anu maca, sarta dibungkus dina carita anu euyeub ku ajén-ajén sosial anu luhung. Ieu hal sajalan jeung anu ditétélakeun ku Koswara (2013, kc. 7) yén aya sababaraha anggapan ngeunaan sastra diantaranya nyaéta sastra

**Alan Sunda Laksana, 2021**

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA DINA KUMPULAN CARPON  
LALAKON KADALON-DALON KARYA DERI HUDAYA PIKEUN BAHAN  
PANGAJARAN MACA CARPON DI SMA**

**Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)**

nyaosan kasenangan boh keur ngudag kamangpaatan. Hartina yén sastra téh bisa jadi sarana pikeun hiburan, tapi bisa ogé dijadikeun sarana pikeun diajar.

Salian ti kaonjoyan di luhur, dina ieu panalungtikan objék panalungtikan dipesék struktur jeung psikologi sastra. Ieu hal geus saluyu yén carita dina ieu kumpulan carpon téh miboga struktur pangwangun anu lengkep pikeun diulik. Salian ti struktur, pikeun ngulik psikologi sastra, sakumaha anu dipedar di luhur, ieu carita-carita téh miboga karakter anu teu basajan saperti benda paéh anu biasa aya dina kahirupan sapopoé jeung dianggap teu penting, dina ieu carita jadi palaku utama kalayan miboga watek anu béda-béda.

Salian ti éta, hasil tina ieu panalungtikan dipatalikeun jeung bahan pangajaran maca di SMA. Sabab dumasar kana pamadegan Teeuw (1983, kc. 12-14) yén prosés maca téh kudu ngawengku tilu tahapan nyaéta mahan kana kodebahasa, kode budaya jeung kode sastra. Lian ti éta, ieu panalungtikan ogé saluyu kana silabus pangajaran maca di SMA, peran jeung fungsi bahan ajar, sarta kriteria bahan ajar, nyaéta tina segi basana, lolobana basa anu dipaké dina kahirupan sapopoé, luyu jeung ukuran kamampuh siswa sarta aya sababaraha anu patali jeung kasangkutan siswa.

Dina hasanah panalungtikan sastra Sunda, panalungtikan karya sastra anu maké tilikan strukturalisme anu sawanda kungsi aya nu nalungtik nyaéta, “Kumpulan Carita Pondok *Panggung Wayang* (Tilikan Strukturalisme jeung Psikologi Sastra)”, hasil panalungtikan Roni Suryana Saputra taun 2014; “Tilu Buku Kumpulan Carita Pondok Sunda Taun 2014 (Tilikan Psikologi Sastra jeung Etnopédagogik)”, hasil panalungtikan Septi Premasari taun 2015. Bébédaan jeung panalungtikan saméméhna nya éta dina ieu panalungtikan

**Alan Sunda Laksana, 2021**

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA DINA KUMPULAN CARPON  
LALAKON KADALON-DALON KARYA DERI HUDAYA PIKEUN BAHAN  
PANGAJARAN MACA CARPON DI SMA**

**Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)**

bakal medar perkara karakter tokoh anu béda (ngagunakeun *benda mati*) anu satuluyna dipatalikeun jeung bahan pangajaran maca carpon di SMA.

Tina pedaran di luhur katitén yén panalungtikan nu dilakukeun téh béda jeung panalungtikan-panalungtikan anu geus dilakukeun. Sok sanajan kajian nu dipaké sarua nyaéta kajian psikologi sastra tapi tangtuna objék nu ditalungtik béda jeung panalungtikan anu kasebut di luhur dina segi bahan pangajaran. Lian ti éta, buku kumpulan carpon *Lalakon Kadalon-dalon* can aya nu nalungtik, sanajan karakteristik nu aya dina éta carpon téh kawilang unik jeung teu biasa siga carpon-carpon séjénna. Ku kituna, dumasar kana pedaran di luhur diayakeun panalungtikan *Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra Lalakon Kadalon-dalon Karya Deri Hudaya pikeun Bahan Pangajaran Maca Carpon di SMA*.

## 1.2 Watesan Masalah

Sangkan teu lega teuing, ieu panalungtikan diwatesanan sakumaha ieu di handap:

- a. Struktur carita dina *Lalakon Kadalon-dalon* anu ngawengku téma, fakta carita (alur, latar, tokoh, jeung penokohan), sarta sarana carita (judul, puseur implengan, jeung gaya basa)
- b. Pamarekan psikologi sastra anu bakal museur kana karakter jeung paripolah tokoh.
- c. Larapna hasil panalungtikan kana bahan pangajaran maca Carita Pondok di SMA.

## 1.3 Rumusan Masalah

Alan Sunda Laksana, 2021

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA DINA KUMPULAN CARPON LALAKON KADALON-DALON KARYA DERI HUDAYA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA CARPON DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

Sabada ngaidentifikasi masalahna, ieu panalungtikan dirumuskeun sakumaha ieu di handap:

- a. Kumaha sinopsis carita pondok dina buku kumpulan carita pondok *Lalakon Kadalon-dalon* karya Deri Hudaya?
- b. Kumaha struktur carita nu kapanggih dina kumpulan carita pondok *Lalakon Kadalon-dalon* karya Deri Hudaya?
- c. Aspek psikologis naon waé nu aya dina kumpulan carita pondok *Lalakon Kadalon-dalon* karya Deri Hudaya?
- d. Kumaha larapna hasil panalungtikan carita pondok *Lalakon Kadalon-dalon* karya Deri Hudaya pikeun bahan pangajaran maca carpon di SMA?

#### **1.4 Tujuan Panalungtikan**

##### **a. Tujuan umum**

Sacara umum ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngagambarkeun struktur kumpulan carpon *Lalakon Kadalon-dalon* anu satuluyna dipatalikeun kana aspék psikologi sastra sarta pikeun jadi pangdeudeul bahan pangajaran maca carpon di SMA.

##### **b. Tujuan husus**

Tujuan husus nu hayang dihontal tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadésripsikeun:

- 1) Sinopsis carita dina kumpulan carpon *Lalakon Kadalon-dalon*
- 2) Struktur carita (téma, alur, tokoh, jeung penokohan, judul, puseur implengan jeung gaya basa) dina kumpulan carita pondok *Lalakon Kadalon-dalon*

Alan Sunda Laksana, 2021

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA DINA KUMPULAN CARPON  
LALAKON KADALON-DALON KARYA DERI HUDAYA PIKEUN BAHAN  
PANGAJARAN MACA CARPON DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |  
[pustaka.upi.edu](https://pustaka.upi.edu)

- 3) Aspék psikologis anu aya dina kumpulan carita pondok *Lalakon Kadalon-dalon*
- 4) Larapna hasil panalungtikan carita pondok *Lalakon Kadalon-dalon* dina pangajaran maca carita pondok di SMA

## **1.5 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat tina ieu panalungtikan kabagi jadi tilu, nyaéta (1) Mangpaat tioritis, (2) Mangpaat tina segi praktis.

### **a. Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan pangaweruh sastra ogé numuwuhkeun minat kana karya sastra sarta ngamekarkeun tiori-tiori sastra hususna dina Struktural jeung Psikologi sastra. Patalina jeung atikan, bisa digunakeun ku guru basa Sunda pikeun dijadikeun rujukan jeung pilihan dina nangtukeun bahan pangajaran maca carpon.

### **b. Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta numuwuhkeun minat maca siswa SMA, sarta bisa dijadikeun referensi pikeun bahan ajar maca carpon di SMA kelas XI.

## **1.6 Struktur Organisasi Tesis**

Panalungtikan disusun dina lima bab kalawan ngagunakeun sistematika saperti di handap:

**Alan Sunda Laksana, 2021**

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA DINA KUMPULAN CARPON  
LALAKON KADALON-DALON KARYA DERI HUDAYA PIKEUN BAHAN  
PANGAJARAN MACA CARPON DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

BAB I BUBUKA, mertélakeun kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat pnalungtikan, jeung struktur organisasi tesis.

BAB II ULIKAN TIORI, mertélakeun kumpulan carita pondok *Lalakon Kadalon-dalon* dumasar kana tilikan strukturalisme jeung psikologi sastra. Ngadadarkeun sajumlahing téori anu dijadikeun tatapakan pikeun nganalisis pasualan anu ditalungtik dumasar kana sajumlahing sumber buku jeung bahan bacaan lainna salaku rujukan konsép. Sawangan anu didadarkeun ngawengku kana carita pondok, strukturalisme, psikologi sastra, jeung bahan pangajaran.

BAB III Méthode Panalungtikan, mertélakeun perkara méthode panalungtikan, téhnik panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun data, prosedur analisis data.

BAB IV Déskripsi jeung analisis data, ngadadarkeun hasil analisis data anu dijadikeun sampel dina panalungtikan jeung pedaranana dumasar kana pamarekan strukturalisme jeung psikologi sastra anu dipatalikeun kana bahan pangajaran.

Alan Sunda Laksana, 2021

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA DINA KUMPULAN CARPON  
LALAKON KADALON-DALON KARYA DERI HUDAYA PIKEUN BAHAN  
PANGAJARAN MACA CARPON DI SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)